

---

POU : Komite Skolè Boston  
SOT NAN MEN : Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)  
KOPI POU : Mary Skipper, Sipèntandan Lekòl Piblik Boston (BPS)  
Linda Chen, Depite Sipèntandan Prensipal Afè Akademik  
Sam Depina, Depite Sipèntandan Operasyon  
OSIJÈ : Akò Negosyasyon Kolektif – Siveyan Manje Midi yo (Siveyan Dejene yo)  
Dat la : Mèkredi, 22 mas, 2023

---

Sou rekòmasyon ekip negosyasyon ki te deziyen nan non Komite Skolè Boston an pou negosye yon nouvo akò negosyasyon kolektif avèk Siveyan Lè Dejene yo (« Lunch Hour Monitors »), tanpri egzamine e egzekite akò pwovizwa ki vin ansanm ak lèt sa a ki te fèt ant Komite Skolè Boston an ak Siveyan Lè Dejene Lekòl Piblik Boston yo (« Boston School Committee and the Boston Public Schools Lunch Hour Monitors »), AFSCME (yon sendika), Konsèy 93. Pou rann rechèch ou pi fasil, mwen detaye enfòmasyon enpòtan yo anba a :

**Pwen Enpòtan yo**

Dire a : apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2023 (pou salè sèlman-retwoaktif, sètadi : pou tan pase)

Salè yo :

- Ane Fiskal 2021 : 2%
- Ane Fiskal 2022 : 2,5%, ansanm ak yon sèl peman 1.000\$
- Ane Fiskal 2023 : 2%